

Règleman 8.122 Liv lekòl ak materyèl edikatif ki konsène yo

1. **Materyèl edikatif adekwa.**—Komite dirijan distri lekòl la ap bay liv lekòl ak lòt materyèl edikatif ki adekwa epi ki an rapò ak lwa eta a ak komite règleman edikasyon eta a. Materyèl edikatif, dapre jan lwa Florid § 1006.29(4) defini yo, se "atik ki gen kontni entèlektyèl ki, dapre jan yo fè yo, sèvi kòm gwo zouti pou bay asistans nan ansèyman yon domèn oswa yon kou. Atik sa yo kapab disponib kachte, ouvè, nan kit, oswa sou fòm pake, ak yo kapab gen liv lekòl ki gen po di oswa po mou, vandab, laboratwa aprantisaj, manipilatif, medya elektwonik, ak pwogram pou bay trening nan konpitè oswa lojisyèl. Kontra a pa gen ladan materyèl elektwonik oswa materyèl enfòmatis menm si materyèl sa yo pake ak lojisyèl oswa lòt medya elektwonik, oswa l pa ta gen ladan ekipman oswa founiti."
 - a. Jan lwa Florid § 1006.28(1) deklare l, "Tèm 'materyèl edikatif adekwa' vle di yon kantite liv lekòl sifizan oswa seri materyèl ki sèvi baz pou edikasyon chak elèv nan kou **fondamantal** tankou matematik, egzèsis konpreyansyon, syans sosyal, syans, lekti, ak literati, eksepte pou edikasyon kote komite konsèy lekòl la apwouve izaj yon pwogram ki pa gen ladan yon liv lekòl kòm yon zouti majè pou edikasyon."
 - b. Dapre lwa Florid § 1006.37 (1), Sipèentandan an oswa reprezantan l ap rekizisyone, materyèl edikatif eta a adopte, k ap sòti nan depo editè ke eta a gen kontra ak li a. Sipèentandan an oswa reprezantan l "ap rekizisyone materyèl edikatif kouran yo pou bay chak elèv yon liv lekòl oswa lòt materyèl kòm yon zouti majè pou edikasyon nan kou **fondamantal** nan domèn sijè ki espesifye nan [Lwa Florid] § 1006.40(2). Yo dwe rekizisyone materyèl sa yo ant de (2) premye ane apre sik adopsyon an, eksepte pou materyèl ki gen rapò ak devlopman afilyasyon elèv oswa bezwen pou mentnans materyèl edikatif", men yo kab renonse egzijans sa a dapre jan lwa eta a di l la.
 - c. Sou yon baz endividyèl pou chak elèv, lekòl la dwe kominike paran yo ak sipèentandan areya yo nenpòt desizyon yo pran pou itilize founiti klas yo oswa pou pa distribye liv lekòl oswa lòt materyèl edikatif distri a bay. Anplwaye lekòl la ap toujou asire ke elèv yo gen materyèl adekwa ni pou etidye nan klas ni pou fè devwadmezon.
 - d. Yo kab achte kòm founiti pou klas materyèl edikatif yo itilize nan kou ki pa fondamantal yo, si materyèl yo la pou sèvi kòm materyèl referans nan klas.
2. **Alokasyon.**—Alokasyon anyèl ak depans fon eta a pou liv lekòl ak acha anyèl materyèl eta a adopte oswa pa adopte ap fèt dapre chapit 1006, Pati I. F, Lwa Florid, ak règ aplikab komite edikasyon eta a.
 - a. Izaj alokasyon pou materyèl edikatif eta a.—Si pa gen yon renonsman ki sòti nan depatman edikasyon (DOE) oswa okenn egzonerasyon aplikab anba chat konstitisyonèl distri a, yo kab sèlman itilize jiska senkant pousan (50%) alokasyon liv lekòl eta a pou acha materyèl edikatif (ki gen ladan pou bibliyotèk ak liv referans ak materyèl ki pa-enprimab) ki pa nan lis eta a adopte ak pou reparasyon ak renovasyon liv lekòl ak liv bibliyotèk, dapre lwa Florid § 1006.40(3)(b).
 - b. Dapre jan li deklare nan lwa Florid § 1006.40(3)(c), Distri a kab itilize jiska san pousan (100%) pòsyon alokasyon anyèl ki deziyen pou acha materyèl edikatif pou jadendanfan, ak swasantkenz (75%) pousan pòsyon sa a ki deziyen pou acha materyèl edikatif pou klas premye ane, pou achte materyèl ki pa nan lis eta a adopte a. Yo kab depanse nan bibliyotèk ak liv referans ak pou reparasyon ak renovasyon liv lekòl ak liv bibliyotèk nenpòt pòsyon fon eta a dedye pou liv lekòl ki pa depanse pou achte liv lekòl oswa otorite lejislatif la pa t deziyen pou achte materyèl pou bibliyotèk/medya.
 - c. Nan mezi kote lwa Florid § 1006.40 (7) egzije l, nenpòt ane kote alokasyon total pou materyèl edikatif distri a, ki gen ladan pòsyon lajan ki deziyen pou materyèl bibliyotèk medya ak founiti syans laboratwa pa t depanse oswa oblije pou depanse avan 30 jen, distri lekòl la kapab ajoute montan lajan sa a ki pa gen obligasyon sou tèt li a sou lajan alokasyon nouvell ane a, men distri a dwe fleksib ak pwovizyon sa a si lalwa pèmèt sa.
 - d. Dapre lwa Florid § 1006.40 (6), distri a kapab distribiye demand acha pou materyèl edikatif pou lòt ane eskolè apre premye (1ye) fevriye nan yon montan total ki pa depase ven (20%) pousan alokasyon ane kouran an, ak apre premye (1ye) avril nan yon montan

total ki pa depase katrevendis (90%) pousan alokasyon ane kouran an, nan objektif pou akselere livrezon materyèl yo gen pou peye nan alokasyon pou ane a.

- e. Y ap distribiye yon pòsyon alokasyon eta a pou materyèl edikatif bay departman sèvis kontablite lekòl semi-prive yo ki baze sou kont FTE aleje chak lekòl. Alokasyon an ap itilize pou acha materyèl edikatif ak materyèl bibliyotèk ke chak lekòl semiprive jije k ap reponn pi byen ak bezwen kourikilè elèv ak pwofesè l yo.
3. **Seleksyon, Adopsyon ak izaj kontinyèl materyèl edikatif yo.**—Komite a kwè ke seleksyon materyèl edikatif yo se bagay ki nan jiridiksyon l dapre lwa Florid § 1006.28 ak dapre lwa konstitisyonèl apwopriye. Sipèntandan an, atravè reprezantan l, gen egzijans pou l evalye nenpòt materyèl edikatif yo prale rekizisyon ke distri lekòl la pa t itilize avan. Pwosedi yo ki souliye nan règleman sa a ap itilize pou evalye ak rekòmande materyèl edikatif distri a konsidere pou adopsyon, ki sijè a revizyon administratif dapre jan li deklare nan règleman sa a.
- a. Konpozisyon komite adopsyon materyèl edikatif distri a
 - i. Distri a ap kreye komite adopsyon materyèl edikatif k ap baze sou sijè y ap revize anyèlman. Komite yo dwe genyen yon minimòm twa (3) manb, men yo kapab gen otan manb adisyonèl ke sipèntandan an oswa reprezantan li nome. Eksepte nan ka anba a, komite distri a genyen jeneralman ant sis(6) a douz(12) manb. Yon manb komite adopsyon eta a pa kapab sèvi nan komite distri a. Pwofesè manb dwe sètifye ak anseye nan domèn y ap revize a.
 - ii. Komite adopsyon sijè fondamantal lekòl primè elemantè ap genyen ladan l jiska venkat (24) manb votan. Komite adopsyon lekòl segondè ap genyen ladan l ant twa(3) a douz (12) manb. Omwen de (2) tyè nan chak komite distri a dwe genyen pwofesè k ap anseye kouramman epi ki sètifye pou anseye nan domèn oswa sijè ak nivo klas apwopriye y ap revize. Distri oswa espesyalis nan domèn yo oswa pwofesè resous yo ak manb layik fòmè lòt tyè komite manb votan.
 - iii. Yo ankouraje kominote a reprezante nan komite adopsyon distri a. Sitwayen layik yo se rezidan rejyon Palm Beach ki pa konekte pwofesyonèlman ak edikasyon, tankou pwofesyonèl oswa konsiltan edikatif. Sitwayen layik ki chwazi pou sèvi nan komite adopsyon yo kapab nenpòt rezidan rejyon Palm Beach, oswa elèv adilt oswa paran yon timoun ki nan lekòl piblik nan rejyon an oswa manb komite konsèy lekòl.
 - iv. Manb anplwaye pwogram eskolè areya ak/oswa distri ki te anseye nan yon domèn ki anba revizyon kapab sèvi kòm fasilitatè nan komite adopsyon distri a pou bay ekspètiz yo nan matyè a ak kominike vizyon pwogram eskolè distri a ak objektif manb komite a. Yo kapab ede nan pwogram revizyon ak korelasyon pwopozisyon editè a ak objektif kou ak sijè edikatif yo. Reprezantan departman edikasyon pou elèv espesyal (ESE), departman edikasyon miltikiltirèl, ak departman teknoloji edikasyon, oswa lòt departman apwopriye distri a kapab sèvi tou kòm fasilitatè nan komite adopsyon distri a.
 - v. Direktè yo ak/oswa anplwaye eskolè distri a ap soumèt non pwofesè espesyalis, ak sitwayen layik y ap nome manb komite yo. Nominasyon yo dwe soumèt sou you fòm ranpli distri lekòl rejyon Palm Beach la ki gen tit "Nominasyon pwofesè oswa layik pou komite adopsyon materyèl edikatif" (PBSD 2181). Yon kopi fòm sa a disponib sou paj sit entènèt departman administrasyon dosye distri a nan www.palmbeach.k12.fl.us/Records/PDF/2181.pdf ak nan departman materyèl edikatif distri a. Fòm lan enkòpore la a an referans kòm yon pati nan règleman sa a.
 - vi. Afilyasyon chak komite dwe reflekte divèsite rasyal, etnik, sosyoekonomik, ak kiltirèl distri a ki gen ladan yon reprezantasyon rejyon jewografik ki varye ak ki se reprezantan elèv divès estil aprantisaj ak nivo abilite. Nan chak adopsyon y ap rote reprezantasyon lekòl la.
 - b. Pwosedi adopsyon distri a:
 - i. Sik adopsyon distri a pou materyèl edikatif yo ap koenside ak sik eta a,eksepte kote yon adopsyon separe distri a vin vrèman nesèsè. Y ap itilize materyèl yo adopte yo pandan sikl adopsyon an jiskaske yo fizikman inapwopriye, jiskaske yo ranplase ak nouvo materyèl yo adopte, oswa jiskaske yo pa ofri kou a ankò.

- ii. Revizyon distri a ap konsantre sou materyèl ki evalye ke editè yo soumèt pou adopsyon eta a oswa lòt materyèl ki disponib nan lè a ke lòt editè apwopriye voye nan yon objektif ke yo rekòmande materyèl ki pi apwopriye pou adopsyon distri nan rejyon Palm Beach.
- iii. Nan seleksyon materyèl edikatif ki pou itilize nan distri a, estandan ki itilize pou detèmine kalite materyèl yo ap gen ladan: materyèl yo apwopriye pou laj elèv la, materyèl yo sèvi objektif edikatif, degre kote materyèl yo kouvri estanda pèfòmans eta a ak komite dirijan distri lekòl bay nan lwa Florid § 1001.03(1), enklizyon objektif edikatif ki nan amati kourikoulòm komite edikasyon eta a, nan degre kote enstriksyon devlope nan saldeklas ak konplete materyèl yo, ak yon konsiderasyon laj, divèsite rasyal, etnik, sosyoekonomik ak kiltirèl elèv distri a. Liv oswa materyèl ki gen kontni pònografik oswa lòt bagay lwa Florid §§ 847.012 ak/oswa 847.0133 entèdi, p ap rekòmande pou izaj nan lekòl distri a.
- iv. Pou adopsyon nan tout distri a nan matyè fondamantal yo, y ap bay kèk pwofesè ki anseye matyè sa a nan nivo klas apwopriye ak ki pa nan komite distri a, opòtinite pou revize volontèman echatiyon pwogram de (2) oswa twa (3) editè ki klase anwo yo, ak bay komite distri a konsèy, amwenske se ta sèlman yonn (1) nan materyèl ki soumèt yo ke komite distri a ta jije akseptab. Nan opòtinite pwofesè yo te genyen pouf è revizyon, y ap prezante kòmantè yo bay komite distri a yo epi komite a limenm ap evalye kòmantè sa yo kòm yon faktè nan pwosesis desizyon final y ap pran an.
- v. Y ap konvoke komite distri yo pou yon revizyon inisyal soumisyon materyèl editè yo pandan mwa dete yo nenpòt lè ki posib. Y ap rekonvoke komite yo pou rankontre ankò pou yonn oswa de (2) jou pandan sezon prentan an pou fè administrasyon an rekòmandasyon final.
- vi. Chak manb nan nenpòt komite adopsyon materyèl edikatif distri a dwe siyen yon afidavi ki deklare avan komite a fè tranzaksyon biznis ke pa gen konfli denterè. Yo kapab jwenn yon kopi fòm pou afidavi a (PBSD 2290) nan divizyon kourikoulòm distri a, paj sit entènèt Depatman materyèl edikatif la nan: www.palmbeach.k12.fl.us/instructionalmaterialsdept/adoptions.htm (anba afidavi), ak paj sit entènèt depatman administrasyon distri a nan: www.palmbeach.k12.fl.us/Records/PDF/2290.pdf, ak li enkòpore la a pa referans kòm yon pati règleman sa a.
- vii. Manb nenpòt komite adopsyon materyèl edikatif distri a ap resevwa enstriksyon pou fè yo konnen li entèdi pou yo aksepte kado, lajan, benefis, oswa lòt bagay valab k ap enfliyansè dirèkteman oswa endirèkteman adopsyon an oswa acha nenpòt materyèl edikatif. Entèdiksyon sa yo aplike pou manb komite yo. Manb komite yo ap konpòte yo nan meyè enterè elèv yo pou sipòte deklarasyon misyon distri a.
- viii. Chak manb komite adopsyon distri a ap resevwa edikasyon ak trening nan evalyasyon teknik y ap itilize, karakteristik materyèl edikatif ki efektif yo ak abiltè nesèsè pou fè desizyon ki valab, kiltirèlman sansitiv, ak objektif konsènan kontni ak rigè materyèl edikatif yo. Anplis konparezon topik ap fèt, tras orizontal, ak tras vètikal kote yo apwopriye, pwosesis revizyon an ap gen ladan egzamen rigoure korelasyon chak pwogram ak estanda eta Florid la oswa estanda sibsekan komite edikasyon eta a adopte ak evalyasyon ki baze sou estanda yo.
- ix. Reynyon komite distri a ap ouvri pou piblik la. Se Ofis afè piblik (Public Affairs Office) k ap bay dat ak lè reyinyon komite adopsyon an pou avètisman piblik.
- x. Distri a entèdi editè, fabrikatè, oswa reprezantan materyèl edikatif yo soumèt pou adopsyon distri a pou pa kominike dirèkteman manb votan yo pandan pwosesis revizyon an ak pandan lè pwofesè yo ap revize materyèl yo. Tout kontak dwe fèt atravè espesyalis materyèl edikatif distri a. Yo pa ta dwe nye editè yo repons pou kesyon yo ak yo ta dwe avize sou pwosedi yo ak tout enfòmasyon ki gen rapò yo. Si yon komite eli pou revize piblikasyon yon editè, y ap bay chak editè k ap soumèt materyèl pou konsiderasyon nan menm domèn espesifik la yon opòtinite egal pou l prezante nan menm kantite tan yo bay nenpòt ak tout lòt editè yo. Yo

entèdi manb komite yo pou diskite kesyon ki gen rapò ak materyèl edikatif yo soumèt pou adopsyon yo, ak ajan oswa reprezantan yon editè swa dirèkteman oswa endirèkteman eksepte pandan reyinyon komite kote y ap fè prezantasyon yo. Yo atann pou editè yo obeyi *avètisman pou editè oswa fabrike materyèl edikatif yo* pou machaswiv ki gouvènè prensip adopsyon distri a. Yon kopi avètisman sa a disponib nan divizyon kourikoulòm distri a, sou paj sit entènèt kouran depatman materyèl edikatif la nan: www.palmbeach.k12.fl.us/instructionalmaterialsdept/documents/NOTIFICATION%20TO%20PUBLISHERS.pdf epi avètisman an atache la a an referans kòm yon pati règleman sa a.

- x. Manb komite yo ap itilize menm kritè ki te tabli avan yo ak menm enstriman evalyasyon an pou evalye avèk jistis materyèl yo soumèt pou adopsyon. Y ap bay editè yo avètisman alekri sou kondisyon espesyal pou patisipasyon nan pwosesis adopsyon distri a jan ekip divizyon kourikoulòm lan detèmine l.
 - xii. Y ap fè revizyon pa enterim yo si nesèsè ak jan espesyalis materyèl edikatif distri a ranje l.
 - xiii. Pou reyinyon komite ki fèt andeyò lè kontra pwofesè, y ap peye pwofesè yo nan to pa è ki apwopriye a. Pou reyinyon komite ki fèt pandan lè kontra pwofesè yo, distri a ap bay fon pou peye sibiti pwofesè. Manb layik yo ap sèvi sou baz volontè.
 - xiv. Komite yo kapab fè rekòmandasyon pou adopsyon distri a. Estaf administratif distri a k ap revize opòtinite materyèl yo pou asire yo ranpli objektif kourikoulè distri a ap revize tou tout rekòmandasyon komite yo. Alasuit revizyon administrative ak apwobasyon distri a, asistan sipèentandan pou kourikoulòm la nap voye rekòmandasyon final komite distri a, ansanm avèk nenpòt kòmantè sitwayen yo, bay sipèentandan pou revizyon ak apwobasyon ki baze sou rezilta opòtinite materyèl yo. Si sipèentandan an apwouve yo, l ap voye rekòmandasyon yo bay komite dirijan lekòl la pou apwobasyon final ak adopsyon.
 - xv. Se sipèentandan an oswa reprezantan l, baze sou fonksyon materyèl ki ranpli objektif edikatif distri a, k ap apwouve nenpòt demand yon sant lekòl fè pou itilize liv lekòl oswa lòt materyèl ki genyen rapò ak edikasyon kòm yon pati nan kourikoulòm lan, menm si distri a pa t adopte yo. Sipèentandan an oswa reprezantan l dwe apwouve nenpòt demand pou acha materyèl konsa.
- c. **Envantè.**—Envantè anyèl liv lekòl materyèl edikatif distri a adopte ap poste sou paj sit entènèt kouran distri a nan: www.palmbeach.k12.fl.us/online reporting. Rapò envantè nan entènèt la ap sèvi kòm:
- i. Afichaj ofisyèl materyèl adopsyon distri ki itilize nan kourikoulòm distri a;
 - ii. Envantè/rezime tout materyèl edikatif pwogram detid ke yon sant/depatman lekòl responsab; ak
 - iii. Yon gid pou detèmine bezwen ane eskolè apre a, jan enstriksyon/pwosedi yo prezante chak ane bay li.
4. **Destriksyon.**—Depatman materyèl edikatif distri a ap fè aranjman pou destriksyon materyèl démodé oswa ki pa fizikman konvenab oswa sa yo ki pa nan kontra eta a ankò, jan lwa Florid § 1006.41 deklare l la, ak ki pa nan lis adopsyon lokalite distri a oswa ki toujou ofisyèlman an izaj nan distri a, jan li ye apre la a:
- a. Bay oswa prete lòt pwogram piblik edikatif nan distri a oswa eta a materyèl yo, lekòl semiprive yo ki nan distri a oswa eta a, pwofesè pou itilize nan devlopman materyèl edikatif sipleman, elèv oswa lòt (ki gen ladan piblik la oswa peyi etranje), oswa nenpòt òganizasyon charitab, ajans gouvènmantral, elèv k ap resevwa edikasyon adomisil, lekòl prive, oswa eta a; oswa
 - b. Vann machann liv izaje materyèl yo, manifakti resiklaj, manifakti papyè, oswa lòt moun, antrepriz, oswa kòporasyon ki nan kondisyon sa yo kapab pi avantajè ekonomikman pou komite dirijan distri lekòl la.
 - c. Dapre lwa Florid § 1006.41(3), tout lajan yo resevwa pou rezon vant, echanj, oswa lòt dispozisyon materyèl edikatif yo ap depoze nan fon lekòl distri a epi y ap ajoute yo nan apwopriyasyon pou materyèl edikatif.

- d. Nan ka kote yo pa kapab detwi materyèl edikatif yo jan souseksyon (a) oswa (b) bay li a, materyèl yo kapab detwi pa nenpòt metòd ki rezonab ak sekirize.
5. Y ap revize règleman sa a peryodikman si nesèsè pou kenbe l kouran ak lwa epi règ eta a ak sipleman l yo, kwak estaf ki apworpiye ta dwe familye ak lwa Florid Ch. 1006, Pati I. F, kòm règleman sa a pa la pou repwodui tout detay ki ekri nan lwa a. Sipèentandan an kapab pibliye tou bilten ki konsitan ak estanda règleman sa a.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.32(2); 1001.41(2); 1001.42 (22)

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1001.32(2); 1006.28; 1006.29; 1006.37; 1006.40; 1006.41

ISTWA: 9/12/86; 17/11/99; 24/3/03; 25/3/09